



# Orange Township Public Schools

Terri Burns Russo, DLitt  
Director for Curriculum & Instruction



Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Superintendent of Schools

Jahmel Drakeford, Supervisor of CTE & Health/PE K-7  
Linda Epps, Supervisor, Social Studies 5-12/ Technology Coordinators  
Caroline Onyesonwu, Supervisor, Bilingual/ESL & World Languages  
Donna Sinisgalli, Ed.D., Supervisor of Visual & Performing Arts

## Avi sou Plasman Kontinyèl Pwogram Bileng/ESL la

Non èlèv la: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Lekòl: \_\_\_\_\_

Nivo Klas: \_\_\_\_\_

Chè Paran/Gadyen,

Dapre rezulta egzamen konpetans pitit ou nan lang Angle, nivo siksè akademik, ak rekòmandasyon pwofesè, nou ap enfòme w ke pitit ou ap **kontinye** resevwa enstriksyon nan **Pwogram bBileng** ak / oswa **Pwogram Angle kòm yon Dezyèm Lang nan lekòl distri nou an**. Objektif pwogram Bileng ak / oswa ESL lekòl distri a se pou ede pitit ou aprann Angle epi satisfè nom akademik apwopriye pou laj li. Menmsi ou ka mande pou yo retire pitit ou a nan pwogram bileng ak / oswa pwogram ESL la, elèv yo nòmalman patisipe ladan'l pou yon peryòd de 1 a 4 ane. Yo itilize plizyè kritè nan fason yo pran desizyon konsènan lè yon elèv pa bezwen sèvis pwogram lan ankò. Kritè sa yo gen ladan yo:

- ✓ **Konpetans/Pèfòmans nan Lang Angle:** ACCESS pou ELL yo – Nòt pou konpetans an jeneral 4.5 pou elèv K – 12
- ✓ **Pèfòmans nan sal klas:** Konplete/Fini klas la avèk "C" oswa yon pi gwo nòt
- ✓ **Pèfòmans/Konpetans nan Evalyasyon Ofisyèl yo:** [Nivo-Klas Pèfòmans nan NJSLA oswa Evalyasyon Referans yo](#)
- ✓ **Jijman Pwofesè/Sipèviziè a:** Rekòmandasyon Pwofesè yo ak Desizyon Sipèviziè a

### **Yo te evalye nivo pèfòmans Angle pitit ou a nan tès 2.0 ACCESS pou ELL yo**

Nivo Pèfòmans nan Lang Angle: \_\_\_\_\_ (gade atachman an)

Yo te mezire nivo pitit ou a nan siksè akademik pandan yon pwosesis revizyon dosye konsènan rantre a ak evalyasyon referans pandan ane lekòl la.

Nivo nan siksè akademik ki baze sou evalyasyon ki mansyone pi wo a: \_\_\_\_\_

Metòd enstriksyon ke yo itilize nan pwogram asistans langaj pitit ou a se:

\_\_\_\_\_ **Pwogram Edikasyon Bileng** - se yon pwogram jounen konplè kote yon pwofesè bileng ak parapwofesyonèl bileng anseye elèv yo. Pwofesè bileng yo anseye tout matyè debaz yo. Elèv yo patisipe nan jimnastik, atizay, mizik ak manje midi ak popilasyon jeneral la. Nan pwogram sa a, elèv yo resevwa tou 30-60 minit enstriksyon ESL chak jou nan men yon pwofesè ESL sètifye k'ap fè bon travay nan sal klas la.

\_\_\_\_\_ **Pwogram Angle kòm yon Dezyèm Lang** - Elèv yo nan yon sal klas ki pale yon sèl lang epi yo resevwa enstriksyon ESL nan men yon pwofesè ESL sètifye k'ap fè bon travay nan sal klas la pandan 30-60 minit chak jou. Gen kèk elèv ke yo mete apa pou enstriksyon ti gwoup jan sa nesesè.

Si pitit ou a gen yon andikap pou aprann, amelyorasyon nan kapasite li pou li pale, li, ak ekri nan lang angle ap ede'l satisfè objektif yo nan Pwogram Edikasyon Endividiyèl la.

Tanpri kontakte manb pèsonèl ki anba a pou w kapab mande plis enfòmasyon konsènan sèvis ki disponib yo oswa pou refize sèvis pwogram yo. Ou gen dwa pou ou refize imedyatman pwogram sèvis yo oswa chwazi yon lòt pwogram, si sa disponib.

Vivian Paiz, Asistan Administratif, Pwogram Bileng / ESL yo, (973) 677-4015 ext.6097.

Mèsi pou patenarya kontinyèl ou avèk pwogram ESL / bileng nou yo.

Sensèman,

Caroline A. Onyesonwu, [Sipèviziè Edikasyon/Pwogram Bileng/ ESL/Lang Mondyal](#)  
Tel: (973) 677-4000 ext. 6099 [onyesoca@orange.k12.nj.us](mailto:onyesoca@orange.k12.nj.us)